

Kisa Swen Palyatif Ye?



Swen palyatif se yon kalite swen sante espesyal ki akse sou soulajman soufrans, detrès oswa chay ke yon maladi kwonik grav ka lakòz. Objektif li se pou pèmèt ni pasyan an ni fanmi an genyen pi bon kalite lavi posib ke sikontans yo pèmèt pandan maladi a.

Swen palyatif nesesè pou prèske tout moun ki gen yon maladi kwonik tankou kansè, VIH, ensifizans kadyak, maladi poumon kwonik, maladi ren, siwoz fwa, oswa maladi kwonik sèvo oswa nè yo. Yo ka ba ou li depi lè yo fè premye dyagnostik la.

Kiyès Ki Bay Swen Palyatif?

Se yon ekip ki gen diferan kalite pwofesyonèl swen sante tankou doktè, enfimyè, travayè sosyal, omonye ak lòt ki bay tretman ak sèvis palyatif yo.

Doktè jeneralis la ak lòt moun ki travay nan klinik doktè a ka jere tretman ak sèvis sa yo, oswa yon espesyalis nan swen palyatif, ki ka travay ak yon ekip espesyalis ka jere yo tou.

Kijan Ekip Swen Palyatif Yo Ede?

Swen palyatif gen ladan I plizyè tretman ak sèvis, tankou medikaman pou doulè ak lòt sentòm, tretman pou detrès emosyonèl, swen pou pwoblèm familyal oswa detrès espirityèl, sèvis pou ede w lakay ou ak plis toujou.

Ekip swen palyatif yo konprann enpòtans pou pale avèk pasyan an ak fanmi I sou chwa swen sante yon moun f , espesyalman lè gen yon maladi ki grav anpil. Ekip la ede asire ke pasyan an ak fanmi I konprann maladi a, pou pasyan an ka pran pi bon desizyon an sou ki kalite swen li vle. Yo ankouraje chak pasyan tou pou I chwazi yon moun ki ta ka pran desizyon pou li si li ta vin paka pale pou tèt li.

Swen palyatif la souvan nesesè depi premye fwa ke yo

dyagnostike yon maladi grav, men bezwen pou tretman ak sèvis swen palyatif yo jeneralman ogmante lè maladi kwonik la nan yon estad avanse.

Si pasyan an ap pwoche fen lavi I, swen palyatif la asire ke lanmò a rive avèk mwens soufrans ke posib epi nan yon fason ki respekte pasyan an ak fanmi I.

Swen palyatif la gen ladan I tretman ak sèvis ki sipòte bon swen nan fen lavi yon moun, epi se nan moman sa a ke yo rele espesyalis nan swen palyatif yo souvan pou ede.

Ki Diferans Ki Genyen Ant Swen Palyatif ak Ospis?

Swen palyatif se yon kalite swen sante espesyal, ke doktè w oswa lòt moun kap travay nan klinik doktè a ka bay, oswa ke youn oswa plizyè espesyalis ka bay nenpòt lè pandan yon maladi grav. Espesyalis nan swen palyatif yo ka travay nan lopital oswa nan fwaye swen enfimye, oswa nan swen adomisil.

Ospis se yon avantaj espesyal ke Medicaid, Medicare, ak asirans sante prive ki ofri swen palyatif espesyalis bay pasyan elijib ki gen maladi avanse yo. Pwogram ospis yo ofri yon gèm konplè tretman ak sèvis pou pasyan kap viv lakay yo, nan yon fwaye swen enfimye, oswa lòt etablisman. Sèvis sa yo gen ladan yo:

- Vizit yon enfimye, travayè sosyal, ak omonye, epi pafwa yon doktè ki travay pou ospis la

vire paj la

- Vizit lòt pwofesyonèl, tankou yon terapet fizik, yon terapet pawòl ak langaj, ak yon nitrisyonis, si li nesesè
- Fasilité pou jwenn yon oksilyè swen sante adomisil pandan yon pati nan semèn nan
- Aksè pou jwenn volontè ospis yo
- Aksè pou jwenn swen pasyan ki entène lopital ke ospis la jere, si pasyan an gen yon pwoblèm ke yo pa ka jere lakay li
- Tout medikaman ki gen rapò ak maladi prensipal pasyan an
- Tout founiti ak ekipman ke pasyan an bezwen pou l jere maladi prensipal la
- Sipò pou fanmi an

Yo ka bay tout tretman ak sèvis sa yo bay yon pasyan ki enskri nan ospis san pasyan an ni fanmi l pa peye pou sa. Pa gen dediktib, ni kopeman, ni ko-asirans ki nesesè pou avantaj sa a.

Yon pasyan elijib pou ospis si de doktè detèmine ke pasyan an gen yon maladi nan faz final epi ke esperans lavi li evalye a kèk mwa. Chak de oswa twa mwa yon doktè dwe evalye pasyan an ankò pou elijibilite. Toutotan pasyan an rete elijib pou avantage yo, yo ka kontinye nèt ale.

Pasyan ki chwazi ospis ka wè pwòp doktè pa yo toujou. Yo ka kite ospis nenpòt lè yo vle, epi enskri ankò si yo elijib toujou. Si doktè a detèmine ke yon pasyan pa elijib ankò, li ka kontinye jwenn avantaj asirans sante regilye yo.

Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon Sou Swen Palyatif?

Si w enterese konnen si swen palyatif ka ede w, oswa ou ta renmen pale sou ospis, mande doktè w oswa doktè yon moun pwòch ou.

Seri Edikasyon Pasyan an

Kisa Swen Palyatif Ye?



Si ou ta renmen resevwa èd pou konekte ak resous yo, pale ak doktè a, enfimyè a oswa travayè sosyal ki nan sant sante w la.

Materyèl edikasyonèl sa a se Palliative Care Project (Pwojè Swen Palyatif), yon patenarya ant Community Care of Brooklyn (Swen Kominotè Brooklyn) ak MJHS Institute for Innovation in Palliative Care (Enstiti MJHS pou Inovasyon nan Swen Palyatif) ki prepare li.